

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Kegiatan tatanén merlukeun téhnik nu husus boh dina prosés melak boh ngurus ogé kudu tarapti sangkan meunang hasil nu mucekil. Dina prak-prakana ti mimiti melak nepi ka panén aya sawatara cara anu biasa dilakukeun ku masarakat Désa Sukadana diantarana *nyacar, nyieun pabinihan, tebar, ngagalengan, ngabaladah, nganglér, ngaratakeun, ngagaét, babut, tandur, ngagemuk, ngalandak, ngarambét mindo, mipit, zarah geger béas, jeung panén.*

Unggal wewengkon ngabogaan istilah-istilah tatanén nu sarua tapi ngandung harti anu béda. Istilah tatanén nu kapaluruh téh bisa dibagi kana sababaraha bagian saperti istilah dina prak-prakan migawena, istilah pakakas, istilah waktu, jeung ngaran-ngaran paré. Sabada ditalungtik, aya sababaraha data atawa hal nu kapanggih dina prosés tatanén nyawah di Désa Sukadana, ti mimiti melak nepi ka panén.

Istilah-istilah tatanén di wilayah Désa Sukadana, Kecamatan Pagerageung, Kabupatén Tasikmalaya nu kapanggih aya 137 istilah. Tina 137 dipasing-pasing deui dumasar kana istilah dina prak-prakan migawena, istilah pakakas, istilah ngaran-ngaran paré jeung hama.

Dumasar hasil panalungtikan, upama ditilik kana prak-prakan dina molahna, kapanggih 42 istilah nyaéta *Arang, babon, babut, dibuat, écék, lampingan, macul, mangkék, mindo, mojokan, moyor, naplak/ngagaét, némprang, ngabaladah, ngabérah, ngadurukan, ngagaru, ngagebug, ngagedag, ngajamra, ngaléan, ngalelep, ngalung, nganglér, nganteuran, ngarambét, ngararata, ngawalajar, ngawuluku, ngayuman, ngobat, ngoréd, nyacar, nyambut, nyemprot, nyikalan, ombol, panén, porékat, rampak jarami, tandur, tebar.*

Ditilik tina pakakas nu digunakeunna kapanggih 26 istilah nyaéta *arit, aseuk, sénter, bebegig, bedog, carangka, congkrang, dudukuy, élékan, gaét, garok, garpuh, garu, giribig, gobang, kaléktor, karung, kokoprak, lalandak, pacul, parang, patok, rancatan, rékal, tali, wuluku.*

Istilah paré nu sok dipelak ku masarakat Désa Sukadana aya 14 diantaranya *cibodas, ciherang, citongga, embun, IR 64, ketan hideung, ketan jayanti, maroké, mawar, sadané super, sagita, salak, sumatera, wangi*.

Jenis-jenis hama aya 10 nyaéta *bebeluk, beurit, hama beureum, hileud, ibun bajra, kungkang, manuk piit, simeut, wereng*. Sésana aya 45 istilah nu biasa digunakeun ku masarakat nalika ngalaksanakeun kagiatan tatanén.

Dina kagiatan tatanén teu leupas tina unsur-unsur kabudayaan nu katiten tina istilah-istilah nu mangrupa unsur tina basa, pakakas, kapercayaan jeung du'a-du'a dina unggal kagiatan ogé tatanén mangrupa pakasaban nu utama pikeun masarakat Désa Sukadana.

Patalina jeung bahan pangajaran, hasil tina panalungtikan ngeunaan tradisi tatanén nyawah bisa nyumponan kana kriteria dina milih jeung nyusun bahan pangajaran. Unsur-unsur anu nyangkaruk dina tradisi tatanén nyawah miboga ajén-inajén anu hadé dina ngawangun karakter siswa sarta kapribadian siswa di sakola ngaliwatan pamahaman kana hiji tradisi.

5.2 Implikasi jeung Rékomendasi

Ayana hiji panalungtikan pasti dibarengan ku kahéngkérangan jeung kaonjongan séwang-séwangan. Sacara teu langsung hasil tina ieu panalungtikan, ogé bisa nambahan élmu pangaweruh keur batur sarta bisa nambahan khasanah budaya tradisi. Tapi salila nalungtik, panalungtik ngarasa masih loba kénéh kahéngkérangan anu teu bisa kakungkulan. Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, dipihareup bisa ngeuyeban pangaweruh ngeunaan hiji tradisi atawa kabudayaan anu aya di Kabupatén Tasikmalaya. Aya sababaraha saran jeung rékomendasi anu ditujukeun ka: (1) pamaréntah; hususna dina pendidikan jeung kabudayaan Kabupatén Tasikmalaya; (2) mahasiswa; (3) panalungtik satuluyna; (4) guru; jeung (5) masarakat umum. *Dinas pendidikan jeung kabudayaan Kabupatén Tasikmalaya*, salaku wadah tina sakabéh tradisi jeung kabudayaan nu aya di Kabupatén Tasikmalaya dipiharep salian ti ngainvéntarisir, dina widang atikan bisa ngawanohkeun hiji tradisi ka nonoman-nonoman hususna di lembaga atikan formal. Dina widang kabudayaan bisa mantuan ngawanohkeun deui tradisi nu aya ku cara ngasupkeun unggal seni, tradisi kabudayaan dina unggal kagiatan anu dikokolakeun ku pamaréntah. *Mahasiswa* salaku akademis, dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa

dijadikeun référénsi bacaeun hususna ngeunaan kabudayaan. *Panalungtikan satuluyna*, ieu panalungtikan ngan medar istilah-istilah tatanén sacara gurat badagna wungkul, sarta wengkuan tempat/objek panalungtikan nu kacida heureutna. Ku kituna perlu aya panalungtikan satuluyna ngeunaan istilah tatanén nyawah tina puseur séjen nu leuwih jero jeung dina wengkuan objek panalungtikan nu leuwih lega. *Guru*, salaku palaku utama dina lumangsungna kagiatan diajar di sakola dipiharep hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun rujukan jeung pilihan dina nangtukeun bahan pangajaran di sakola hususna di kelas XII SMA. *Masyarakat umum*, nu jadi salah sahiji panangtu hirup huripna hiji tradisi dipiharep bisa leuwih mikawanoh kana tradisi nu aya ngariksa, ngajaga jeung ngamumulé sangkan ieu tradisi heunteu tumpur ku ayana kamajuan jaman.